

# Avi Piblik

## Mizajou Pwojè Waf Nò New Bedford State (New Bedford State Pier North Wharf)

Rezime: New Bedford State, Mizajou Pwojè Rekonstriksyon Waf Nò an  
Responsab: Commonwealth of Massachusetts, Depatman Konsèvasyon ak Lwazi  
(Department of Conservation and Recreation)  
Jesyonè Pwojè a: MassDevelopment  
Pibliye: Me 2023

### Kontèks

Waf New Bedford State lan jwe yon wòl enpòtan nan istwa, kilti ak komès New Bedford. MassDevelopment te pran anchaj operasyon waf eta a an Desanm 2017 epi li kontinye jere waf la jodi a.

Ant 2018 ak 2019, MassDevelopment te idantifye bezwen enfrastrikti ki imedya yo ak bezwen nan dizan k ap vini yo pou waf la. Pandan pwosesis sa a, yo te idantifye ke rekonstriksyon Waf Nò a te pi kritik, kidonk yo fèmen aksè nan seksyon pwopriyete sa a imedyatman an 2018 akòz kondisyon estriktirèl estrikti sipò a ki pa t bon. Nan kondisyon sa yo, MassDevelopment ak DCR te angaje Foth Engineering pou konsewa ak otorize rekonstriksyon ki nesèsè yo. Yo te revize diferan opsyon konsepsyon pou rekonstriksyon konplè a epi divès nivo rekonstriksyon pa mòso akòz itilizasyon pwopriyete a, pwofondè dlo a ak anplasman trafik k ap anbake-debake a, fè ke li diminye itilizasyon Waf Nò a. Yo te reyalize yon rekonstriksyon limite ki pral akomode itilizasyon ki egziste deja yo, ki pral kreye espas pou restoran resevwa moun deyò ak de anplasman pou rasanbleman ki adjasan ak zòn pou anbake-debake an, epi ogmante espas pou mare Ferry ak ti bato. Dokiman konsepsyon yo fini kounye a epi nou ap atann dèske pwosesis pou resevwa pèmi yo ap fini nan fen ane 2023 a, epi kounye a konstriksyon an planifye pou 2024.

Akòz kondisyon estriktirèl waf la, MassDevelopment konsidere pwojè a kritik, epi ekip pwojè a pran yon apwòch ki fokis sou akonplisman li pou yo kapab soulaje enkyetid sa yo nan fason ki pi rapid epi ki deranje le mwens posib.

Imaj sa yo bay yon ti apèsi sou pwojè a ak anplasman li.

## Kondisyon ki Egziste Deja



## Sa Ki Pwopoze Pou Rekonstwi



## Finansaman Pwojè a:

Ak yon PTP (Pri Total Pwojè) ki estime ant \$20 milyon rive \$25 milyon, pwojè sa finanse nèt atravè yon alokasyon finansyè ke MassDevelopment resevwa an 2021.

## Kalandriye Pwojè a:

2018-2019	Evalyasyon Kondisyon yo
2020-2021	Aplike epi Resevwa Finansman Pwojè a
2021-2023	Angaje Ekip Konsepsyon a, Konplete Konsepsyon an ak Resevwa Pèmi
2023-2024	Akizisyon Materyo pou Konstriksyon an
2024	Konstriksyon / Rekonstriksyon

## Rezime sou Jistis Anviwònman (JA) (Environmental Justice, EJ):

Pwojè a ap gen efè ki pi piti posib sou zòn resous yo ak anviwònman an. Rekonstriksyon waf la pral gen enpak ki pi piti posib la sou zòn lanmè ki adjasan an. Yo pa prevwa okenn enpak sou sante piblik. Anplis de sa, pwojè a pral amelyore kondisyon anviwònman an lè li sipòte devlopman ekonomik nan zòn pò New Bedford la epi amelyore sante piblik nan amelyore sekirite nan sit Waf Nò an.

## Enfòmasyon Amplis:

Pwojè sa a anba revizyon kounye a dapre Lwa sou Règleman Anviwònman Massachusetts (MEPA) (Massachusetts Environmental Policy Act). Piblik la gen opòtinite pou fè kòmantè sou pwojè a. Ou kapab jwenn dosye pwojè a sou Monitè Anviwònman an (Environmental Monitor) epi ou ka voye kòmantè isit la:

<https://eeaonline.eea.state.ma.us/EEA/MEPA-eMonitor/home>

<https://eeaonline.eea.state.ma.us/EEA/PublicComment/Landing/>

Pou plis enfòmasyon konsènan règ, pri ak règleman pou New Bedford State Pier, tanpri vizite [www.nbstatepier.com](http://www.nbstatepier.com).

Si avi sa a pa adrese kesyon ou ka genyen ki gen rapò ak zafè sa a, tanpri kontakte:

### Kelsey Schiller

Direktè Kominikasyon (Director of Communications)

**MassDevelopment**

**The Commonwealth's Development Finance Agency & Land Bank**

99 High Street, Boston, MA 02110

**Dirèk:** 617.330.2011

**Selilè:** 857.325.3477

[kschiller@massdevelopment.com](mailto:kschiller@massdevelopment.com)

## Distribisyon Anplis:

Pou kenbe konsyantizasyon piblik la, nou fè zefò pou nou rive jwenn tout manm Commonwealth la, men tantativ nou pou difize epi rive jwenn yon odyans pi laj pa janm pafè. Se poutèt sa nou mande pou w pataje enfòmasyon sa yo ak lòt moun ki ka enterese nan pwojè sa a.